



---

## **Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Estimaté Byen Imobilye**

---

### **RAPÒ KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN**

**Depi mwen siyen aplikasyon sa a**, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa gen yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen gen yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa reta kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman avèk egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan re-peman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

### **Konsantman ak Chwa Ou Pa Kapab Anile**

Mwen (nou) soumèt yon fason irevokab ba jiridiksyon tribinal Eta New York epi, answit, mwen (nou) chwazi yon fason irevokab Sekretè Eta New York kòm ajan li, epi yo ka remèt Sekretè a nenpòt konvokasyon, sitasyon pou prezante ak lòt pwosesis ki endike enstitisyon an nan nenpòt aksyon oswa pwosedi espesyal yo kòmanse nan Eta New York.

Avèk konsantman ak chwa sa a, mwen (nou) dakò pou yo dwe bay Sekretè-Deta a pwosesis la, nan tout fason, jan sa valab ak obligatwa tankou si yo bay sèvis pèsònèl sou enstitisyon an nan Eta New York.

**Konfimasyon Moun ki Aplike a** – Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay nan fèy eksperyans lan se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen ak kwè. Mwen rekonèt si mwen fè nenpòt erè enpòtan sa ka lakòz yo anile oswa sispann lisans/sètifika yo ban mwen an. Answit, mwen konfime mwen li ak konprann dispozisyon Tit 6E Lwa Egzekitif (Executive Law), règ ak règleman yo adopte annapre.

Siyati Moun ki Aplike a \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

---

W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Li enpòtan pou ou fè Divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès biznis ou pou ou kapab resevwa avi pou renouvèlman yo ak nenpòt lòt avi ki konsène lisans/sètifika ou.

Tanpri sonje pou mete dokiman siplemantè apwopriye yo ak tout frè yo (tanpri gade enstriksyon yo) ansanm avèk fòm aplikasyon ou.